



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023

# MIRENGAKE TANDHA KETIGA

MENDENGARKAN TANDA KEMARAU

Penulis : Yogalih Sangaulia Prihambada

Ilustrator : Arif Rianto



B2





KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023

# MIRENGAKE TANDHA KETIGA

MENDENGARKAN TANDA KEMARAU



Penulis : Yogalih Sangaulia Prihambada

Ilustrator : Arif Rianto

Penerjemah : Yohanes Siyamta

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.**

Dilindungi undang-undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

## **MIRENGAKE TANDHA KETIGA MENDENGARKAN TANDA KEMARAU**

Penulis : Yogalih Sangaulia Prihambada

Ilustrator : Arif Rianto

Penerjemah : Yohanes Siyamta

Penyunting : Sri Sabakti

Penata Letak : Arif Rianto

### **Penerbit**

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan pertama, 2023

ISBN 978-623-112-603-0 (PDF)

Isi-buku ini menggunakan huruf Arial, Andika New Basic,

ii, 24 hlm., 21 x 29,7cm.

## **Kepala Balai Menyapa**

**Hai, pembaca yang budiman.**

**Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.**

**Buku-bukucerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.**

**Selamat membaca!**  
**Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY**


**Dwi Pratiwi**

# MIRENGAKE TANDHA KETIGA

MENDENGARKAN TANDA KEMARAU

Ing salah sawijining tegalan,  
urip rong jinis kewan. Kewane  
yaiku semut lan walang.  
Kekarone dadi raja sing duwe  
ewunan prajurit. Bangsa  
semut saben dina kerja rina  
lan wengi. Yen bangsa walang  
gaweane mung mangan turu  
saben dinane. Ana prastawa  
sing njalari bangsa walang  
kapok. Critane diwiwiti kaya  
mangkene.

Di sebuah ladang, hiduplah  
dua jenis hewan, yaitu semut  
dan belalang. Keduanya  
menjadi raja yang memiliki  
ribuan prajurit. Bangsa semut  
bekerja setiap hari, siang  
dan malam. Hal ini berbeda  
dengan bangsa belalang yang  
setiap harinya hanya makan  
dan tidur. Ada peristiwa  
yang menjadikan bangsa  
belalang kapok. Beginilah  
awal mulanya.



Esuk iki langit katon mendhung. Patih Semut banjur wadul marang Raja Semut. "Nuwun sewu Raja, kula badhe matur bilih langit sampun mendhung".

"Waduh, bisa golek pangan ora kira-kira?" ngendikane Raja Semut.

"Saged, nanging kedah ngatos-atos," wangsulane Patih Semut.

"Gek prajuritmu!" dikumpulake abane Raja Semut.

Pada suatu pagi langit tampak mendung. Patih Semut melapor kepada Raja Semut, "Daulat Raja, mau melaporkan bahwa langit mendung." "Waduh, bisa cari makan atau tidak, kita?" seru Raja Semut. "Bisa, tetapi harus berhati-hati," jawab Patih Semut. "Segera kumpulkan para prajurit!" perintah Raja Semut.



Patih Semut banjur ngumpulake prajurit semut. Sawise ngumpul, prajurit ngaturake palapuran.

“Patih, kula nemu uwit tebu” palapurane prajurit semut.

“Sip! Tebu iku isa kanggo jagan tekan ketiga,” Patih Semut bungah.

“Pasukan! Mangkat!”

Prentahe Patih Semut.

Patih Semut kemudian mengumpulkan para prajurit. Setelah berkumpul, prajurit menyampaikan laporan.

“Baginda Patih, saya menemukan pohon tebu,” seru prajurit semut.

“Bagus! Pohon tebu itu bisa kita gunakan untuk cadangan ketika musim kemarau tiba,” kata Patih Semut gembira.

“Pasukan! Berangkat!” perintah Patih Semut.



Raja Semut uga melu mimpin prajurit bebarengan Patih Semut. “Ayo, kerja! mumpung durung ketiga!” Raja Semut aweh semangat.

Sanadyan cilik, nanging bangsa semut tekun anggone kerja. Semboyane bangsa semut crah agawe bubrah, rukun agawe santosa.

Raja Semut bersama Patih Semut memimpin para prajurit. “Ayo, kita bekerja, selagi musim kemarau belum tiba!” Raja Semut memberi semangat. Meski tubuh mereka kecil, bangsa semut tekun dalam bekerja. Bangsa Semut bersempoyan *crah agawe bubrah, rukun agawe santosa* ‘bersatu kita teguh, bercerai kita runtuh’.



Bangsa semut banjur sigrak nuju wit tebu. Ananging kanggo nuju papane wit tebu, dheweke kudu ngliwati wilayahe bangsa walang. Tumekane ngarep garis wilayah walang, semut diadhang dening prajurit walang.

“Dha arep menyang ngendi iki?” pitakone prajurit walang.

“Golek tebu, nyuwun idin liwat,” Patih Semut nyulihi para semut.

“Kudu idin Raja Walang dhisik,” wangulane prajurit walang.

Bangsa semut kemudian bergegas menuju ke pohon tebu. Akan tetapi untuk menuju ke pohon tebu, mereka harus melewati wilayah bangsa belalang. Sesampainya di garis depan wilayah belalang, pasukan semut dihadang oleh pasukan belalang.

“Mau ke mana kalian?” tanya prajurit Belalang.

“Mau mencari tebu, maaf kami menumpang lewat,” ujar Patih Semut meminta izin.

“Kalian harus meminta izin dari Raja Belalang terlebih dahulu,” jawab prajurit belalang.



Raja Walang nampa palapuran prajurite menawa bangsa semut arep liwat. Raja Walang banjur nemoni rombongan semut.

“Lhadalah, arep udan kok, ya, lelungan!” celathune Raja Walang.

“Lha nggih, Kula sedaya niki badhe pados tebu,” wangsulane Raja Semut.

“Rasah wae. Mrene kita leyeh-leyeh!” pangajake Raja Walang.

“Boten, niki sampun meh ketiga, je,” wangsulane Raja Semut.

Raja Belalang menerima laporan dari prajuritnya bahwa bangsa Semut akan melintas. Raja Belalang kemudian menemui rombongan Semut.

“Astaga, mau hujan, kok, kalian malah bepergian?” ucap Raja Belalang.

“Iya, kami mau mencari tebu,” jawab Raja Semut.

“Tidak usah mencari tebu, mari kita bersantai-santai saja,” ajak Raja Belalang.

“Tidak, saat ini musim kemarau hampir tiba,” jawab Raja Semut.



Sawise rembugan karo Raja Walang,  
bangsa semut diidinake liwat.

“Ayo prajuritku, gugur gunung!”  
pangandikane Raja Semut.

“Ayo...!” swarane prajurit semut  
mbata rubuh.

“Prajurit! Separo ngethok, separo  
ngusungi,” prentahe Patih Semut.

Bangsa semut tulung-tinulung siji  
lan sijine. Kabeh kerja ora ana sing  
nganggur.

Seusai berembug dengan Raja  
Belalang, bangsa semut diperbolehkan  
lewat.

“Wahai, para prajuritku, ayo kita  
bergotong-royong!” kata Raja Semut.

“Ayooo!” suara para prajurit semut  
bergemuruh.

“Prajurit! Separuh bertugas untuk  
memotong dan separuhnya lagi  
bertugas untuk mengangkut!” perintah  
Patih Semut.

Bangsa semut saling menolong satu  
sama lain. Semua bekerja tidak ada  
yang menganggur.



Tumekane dina candhake, bangsa semut isih ngusungi tebu. Sanadyan panas, kabeh semut tetep kerja.

“Oyerrr... Oyerrr... Oyerrrr... Oyerrr...!” keprungu swarane Garengpung.

Raja Semut banjur nyawang wit randhu.

“Waduh, si Garengpung wis muni!” Raja Semut kaget.

Raja Semut sumelang mangsa ketiga wis teka.

Pada hari berikutnya, bangsa semut masih giat bekerja mengangkut tebu. Meski cuaca sangat panas, mereka tetap giat bekerja.

“Oyerr ... Oyerr ... Oyerr ... Oyerr ...!” terdengar suara *Garengpung* (Tonggeret).

Raja Semut memandang ke atas pohon kapuk randu.

“Waduh, sudah ada bunyi Tonggeret!” ujar Raja Semut kaget.

Dia merasa khawatir musim kemarau telah tiba.



Nalika keprungu swarane Garengpung, Raja Walang uga banjur metu.

“Yungalah, swarane Garengpung mbrebegi sing lagi turu wae,” celathune Raja Walang”.

“He..., Raja Walang. Ayo kita nglumpukake panganan,” pangajake Raja Semut.

“Alah, sesukwae!” wangulane raja walang nyepelakake.

“Galo, Garengpung wis menehi tandha ketiga!” Raja Semut ngelingake.

Raja Walang tetep panggah.

Ketika mendengar suara Tonggeret, Raja Belalang pun keluar.

“Aduh-aduh, berisik! Suara kalian mengganggu yang lagi tidur,” ucap Raja Belalang.

“Hai, Raja Belalang. Ayo lekas kita kumpulkan makanan!” ajak Raja Semut.

“Ahh, besok saja!” jawab Raja Belalang menyepelekan.

“Lihatlah, Tonggeret sudah memberi tanda bahwa musim kemarau telah tiba,” Raja Semut mengingatkan.

Namun, Raja Belalang tetap saja terdiam.



Watara semingguan, Garengpung sangsaya seru anggone nywara. Garengpung iku nywara nalika wiwit panas hawane. Mula, Garengpung dadi pratandha ketiga meh tumeka. Wit randhu lan jati uga wiwit gogrog godhonge. “Uwis...uwis...!.” Raja Semut menehi aba.

“Prajurit ! gawanen tebu sing keri dhewe kuwi,” prentahe Patih Semut.

Bangsasemutbanjurmungkasi anggone nggolek tebu.

Sekitar satu mingguan, Tonggeret bersuara semakin nyaring. Tonggeret itu mengeluarkan bunyi ketika udara di sekitarnya terasa panas. Oleh karena itu, Tonggeret dijadikan pertanda bahwa musim kemarau telah tiba. Pohon randu dan pohon jati pun mulai meranggas.

“Sudah...sudah...!” Raja Semut memerintahkan para prajurit untuk mengakhiri pekerjaan.

“Prajurit, bawalah batang tebu terakhir itu!” perintah Patih Semut.

Bangsa semut berhenti bekerja. Pencarian tebu berakhir.



Bangsa semut bungah wis bisa nglumpukake panganan linuwih. Raja Semut ngelingake Raja Walang sepisan maneh. “Ayo, aja kesed. Cepet nglumpukake panganan!” “Halah... mbok, ya, mengko wae!” Raja Walang nyepelakake. “Mengko yen ketiga awake dhewe angel nggolek pangan!” Raja Semut mangkel.

Bangsa Semut merasa bahagia telah berhasil mengumpulkan persediaan makanan berlebih. Raja Semut mengingatkan Raja Belalang sekali lagi. “Ayo, jangan malas. Segeralah mengumpulkan makanan!” “Walah... nanti saja!” ujar Raja Belalang menyepelakan. “Nanti jika musim kemarau telah tiba, kita akan kesulitan mencari makan!” Raja Semut merasa geram.



Raja Semut wis kesel anggone ngelingake bangsa walang.

“Kandel kupinge tenan bangsa walang!” Patih Semut uga mangkel.

“Lha, aku ora duwe kuping ki, ha...ha...ha!” wangsulane Raja Walang.

“Wis, ayo prajurit lunga saka kene!” abane Raja Semut.

Raja Semut merasa lelah mengingatkan bangsa Belalang.

“Dasar, bangsa Belalang tebal telinga!” Patih Semut juga ikut geram.

“Aku memang tidak punya telinga, ha...ha...ha...!” jawab Raja Belalang.

“Sudah-sudah. Prajurit, ayo kita pergi dari sini!” perintah Raja Semut.



Bangsa semut wis siyap ngadhepi mangsa ketiga taun iki, nanging bangsa walang tetep wae ora kerja. Tumekane mangsa ketiga bangsa walang banjur krasa.

“Waduh, panas tenan dina iki!” batine Raja Walang.

“Prajurit, jupukna wedang!” dhawuhe Raja Walang.

“Nuwun sewu Raja, toya lepen asat,” wangslane prajurit.

“Temenan?” Raja Walang sanalika kaget.

Bangsa semut sudah siap menghadapi datangnya musim kemarau tahun ini. Akan tetapi, bangsa belalang tetap saja tidak mau bekerja. Ketika musim kemarau tiba, bangsa Belalang merasakan akibatnya.

“Aduh, panas sekali hari ini!” gumam Raja Belalang dalam hati.

“Prajurit, ambilkan minum!” perintah Raja Belalang.

“Maaf Raja, air sungai mengering,” jawab prajurit.

“Benarkah?” Raja Belalang sangat terkejut.



Raja Walang banjur ndeleng njaba kraton, jebul tenan. banyu ora ana, godhong uga ora ana.

“Waduh, kepiye iki! piye iki!”

Raja Walang bingung.

Bangsa walang bingung lan getun amarga kasep anggone golek pangan. Getun amarga wingi-wingi, dheweke ora nggatekake tandha ketiga.

Raja Belalang kemudian keluar dari istana dan melihat keadaan sekitarnya. Ternyata benar adanya. Air tidak ada, dedaunan pun juga tidak ada. “Aduh, bagaimana ini? Bagaimana ini?” Raja Belalang kebingungan.

Bangsa belalang bingung dan menyesal karena terlambat mencari bahan makanan. Mereka menyesal karena kemarin tidak memperhatikan pertanda akan datangnya musim kemarau

.



Kahanan sangsaya panas,  
panganan lan banyu ora ana.  
Simpenan panganan uga ora  
duwe.

“Ampun Raja, kula badhe caos  
palapuram,” laporane prajurit  
walang.

“Piye?” ngendikane Raja  
Walang tambah kuwatir.

“Sepalih prajurit mati amargi  
kaliren,” wangsulane prajurit.

Rekasane bangsa walang  
tambah maneh.

Keadaan semakin panas,  
bahan makanan tidak ada  
dan air pun tidak tersedia.  
Cadangan makanan juga tidak  
ada.

“Mohon ampun Raja, hamba  
hendak menyampaikan  
laporan,” ujar prajurit  
belalang.

“Bagaimana?” Raja Belalang  
bertambah khawatir.

“Separuh prajurit kita telah  
mati karena kelaparan,” kata  
prajurit.

Bangsa Belalang makin  
sengsara dan menderita.



Mangsa ketiga sangsaya dawa, Raja Walang dadi kuru. Prajurit walang uga sangsaya suda akeh.

“Patih, ketiga tekan kapan iki?” pitakone Raja Walang.

“Boten mangertos Raja,” wangsulane Patih Walang.

“Suwe-suwe aku bisa mati,” Raja Walang pasrah.

“Punapa bangsa walang nyuwun bantuan semut mawon?” Patih usul.

“Ya... ya... ya..., orapapa,” wangsulane Raja Walang.

Musim kemarau semakin panjang, Raja Belalang kurus kering. Prajurit Belalang pun semakin berkurang jumlahnya.

“Patih, musim kemaraunya sampai kapan?” tanya Raja Belalang.

“Tidak tahu, Tuan,” jawab Patih Belalang.

“Lama-kelamaan aku bisa mati,” Raja belalang mengeluh seraya berserah.

“Bagaimana kalau kita minta bantuan kepada bangsa semut saja?” Patih mengajukan usulan.

“Ya...ya...ya, tidak apa-apa,” jawab Raja Belalang.



Rombongan bangsa walang banjur nekani kraton semut. Raja Walang mung ndhungkluk nalika ketemu Raja Semut.

“Semut..., aku lan bangsaku nyuwun pangapura,” Raja Walang lemes.

“Lha, kena apa?” pitakone Raja Semut.

“Aku lan bangsaku ora mirengake welingmu,” wangsulane Raja Walang.

Sawise Raja Walang nyritakake bangsane sing rekasa, Raja Semut banjur mesakake.

Bangsa belalang berbondong-bondong ke kerajaan semut. Raja Belalang hanya bisa tertunduk malu ketika bertemu Raja Semut. “Semut..., aku dan bangsaku mohon maaf,” seru Raja Belalang lemas.

“Lha, ada apa?” tanya Raja Semut.

“Aku dan bangsaku tidak mendengarkan nasihatmu,” jawab Raja Belalang.

Setelah Raja Belalang menceritakan keadaan kesengsaraan bangsanya, Raja Semut pun merasa iba.



Raja Semut banjur menehi Raja Walang panganan. Tebu, winih jagung, lan winih pari gaga.

“Iki tebu, muga isa nulung bangsamu, ya” Raja Semut ngulungake.

“Iki wiwi jagung lan pari gaga tanduren!” Patih Semut ngulungake.

“Matur nuwun sanget,” wangulane Raja Walang.

“Aja kesed maneh, ya!” piwelingi Raja Semut.

“Nggih, bangsa walang janji,” wangulane Raja Walang.

Raja Semut kemudian memberikan makanan kepada Raja Belalang yang berupa tebu, biji jagung, dan benih padi gaga.

“Ini tebu, semoga bisa menolong bangsamu,” Raja Semut memberikannya.

“Ini biji jagung dan benih padi gaga, tanamlah!” Patih Semut memberikannya juga.

“Terima kasih,” jawab Raja Belalang.

“Jangan malas lagi, ya!” nasihat Raja Semut.

“Iya, kami berjanji tidak malas lagi,” jawab Raja Belalang.



Rombongan bangsa walang banjur bali. Raja Walang janji ing batine ora mbalen kesed. Bangsa walang ketulungan bangsa semut saka mangsa ketiga.

“Ayo, bangsaku janji ora kesed maneh!” prentah Raja Walang.

“Ayo!” swara prajurit walang bebarengan.

Bangsa Belalang pun kembali pulang. Raja Belalang berjanji di dalam hati bahwa ia tidak akan malas lagi. Mereka telah ditolong oleh bangsa Semut dalam menghadapi musim kemarau.

“Ayo bangsaku, kita berjanji tidak malas lagi!” perintah Raja Belalang.

“Ayo!” suara prajurit Belalang bersamaan.



Sawise kedadean iku, bangsa walang dadi sregep. Jagung ditandur lan dirumat tekan awoh. Pari gaga uga ditandur kanggo jaganketiga. Pari iki ora perlu akeh banyu, dadi gampang nandure. Bangsa walang banjur mikir, menawa kesed lan ora mirengake iku bisa njalari sengsara.



Setelah peristiwa tersebut bangsa belalang menjadi rajin. Biji jagung ditanam dan dirawat hingga berbuah. Padi gaga pun ditanam untuk persediaan makanan pada musim kemarau. Jenis padi ini tidak membutuhkan banyak air sehingga mudah tumbuh dan cocok ditanam pada saat musim kemarau.

Bangsa belalang sadar bahwa malas dan tidak mau mendengarkan bisa menimbulkan penderitaan dan kesengsaraan.

# Biodata



## **Yogalih Sangaulia Prihambada**

YOGALIH SANGAULIA PRIHAMBADA atau sering dipanggil YOGALIH berasal dari Program Studi S1 Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa, Seni, dan Budaya, Universitas Negeri Yogyakarta menjuarai kejuaraan tingkat Daerah/Propinsi dalam bidang Penalaran yaitu Peserta Kejuaraan Umum Lomba Karya Tulis Ilmiah Sejarah yang di ikuti 120 peserta dari 8 perguruan tinggi yang terdiri dari 1 negara.



## **Arif Rianto**

Arif Rianto, Merupakan salah satu dari inisiator dari komunitas ilustrator buku anak Childrenillustrator.id. Mengawali karir sebagai desainer grafis sejak tahun 2014, mengilustrasi buku anak sejak awal pandemi. Menjadi Ketua tim 24 illustrator buku terjemahan Kemendikbud tahun 2021, instagram di @ ilustrasiarif Email : rianto.arif@gmail.com



## **Sri Sabakti**

Sri Sabakti dilahirkan di Sragen, Jawa Tengah. Sejak 1998 hingga pertengahan tahun 2020, ia menjadi PNS di Balai Bahasa Provinsi Riau. Pada bulan Juli 2020, ia kemudian pindah ke Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta hingga saat ini. Keterlibatan dalam dunia sastra, di antaranya ia telah menulis buku bacaan untuk anak dengan judul Kisah Burung Udang dan Ikan Toman (2017) dan 21 Cerita Rakyat Bumi Lancang Kuning (2010). Selain itu, ia juga membuat karya tulis yang dimuat di beberapa jurnal dan surat kabar.

Dalam dunia penyuntingan, Sri Sabakti beberapa kali dilibatkan dalam tim penyuntingan di Balai Bahasa DIY. Ia dilibatkan untuk menyunting karya sastra hasil sayembara yang dilaksanakan oleh Balai Bahasa DIY, khususnya cerita anak, baik yang berbahasa Jawa maupun berbahasa Indonesia (2021–2023).









Halo kanca nuswantara...Ana crita wuapik lhooo kanggo kanca-kanca kabeh, kaya mangkene wiwitane, Kacarita ing salah sawijining tegalan urip rong kraton kewan yaiku kraton semut lan kraton walang. Kekarone duweni pakulinan kang beda. Tumekane mangsa ketiga, kraton semut sengkut anggone golek pangan, wondene kraton walang malah kesed lan ora tau mirengake. Waduh... kepiye ya nasibe kraton walang ? penasaran taaa? Yuk kanca-kanca, disemak bareng-bareng sambunge critane ing crita “Mirengake Tandha Ketiga”

Halo sobat nusantara...Ada cerita seru nih spesial buat kamu. Alkisah di sebuah ladang hiduplah dua kerajaan serangga, yakni kerajaan semut dan belalang. Kedua kerajaan tersebut mempunyai kebiasaan yang berbeda. Tibalah musim kemarau, kerajaan semut sibuk mencari makanan, sedangkan kerajaan belalang hanya asyik bermalas-malasan dan tidak mendengarkan peringatan nih. Aduh...bagaimana ya nasib kerajaan belalang selanjutnya ? penasaran kan ? Yuk sobat, simak kelanjutan cerita selengkapnya dalam kisah “Mirengake Tandha Ketiga”.

